



SA A SE VIYÈT OU T AP METE SOU OT LA APRE KONPAYI
ANTRETYEN AN FIN FÈ ANTRETYEN LADAN.

TI KONSEY RAPID

- Pwograme netwayaj yo ak ase tan pou yon konpayi ak lisans kapab netwaye li byen netwaye.
- Verifye pou w wè si yo netwaye kondwit la ak ot la lè sa nesesè.
- Anboche yon konpayi antretyen FDNY apwouve epi ki gen anplwaye ki gen kat Certificate of Fitness (W-64/P-64).
- Asire w konpayi antretyen an netwaye kondwit la jiskaske li rive sou pati metal la.
- Mande chak moun ki netwaye ot ak kondwit ou yon kopi Certificate of Fitness ajou yo.

ÈSKE GEN LÒT BAGAY KI BEZWEN ATANSYON NAN KIZIN MWEN AN?

- WI, ou oblige gen yon kontraktè kanalizasyon Master Fire Suppression (Sipresyon Dife Prensipal) ki gen lisans pou enspekte, teste, ak fè antretyen nan sistèm sipresyon dife ou a.
 - ✓ Omwen yon fwa chak 6 mwa yon kontraktè kanalizasyon Sipresyon Dife Prensipal ki gen lisans dwe enspekte, teste, fè antretyen ak mentni sistèm sipresyon dife sa a.
- Kontraktè sa a gen lisans li te resevwa nan men NYC Department of Buildings.

Kontraktè a pral tcheke tout sistèm sipresyon ou a. Lap ba ou rapò enspeksyon an alekri epi li ap montre ou nenpòt pwoblèm li te jwenn pandan enspeksyon an. Si sistèm nan ap mache kòrèkteman, kontraktè a ap ba ou yon etikèt. Etikèt la ap gen enfòmasyon sa yo sou li:

- ✓ Dat yo te ba ou li a;
- ✓ Non ak nimewo lisans kontraktè kanalizasyon Sipresyon Dife Prensipal la;
- ✓ Yo te twouye sistèm nan t ap mache kòrèkteman.


- Ou responsab tou pou:

- ✓ Gen omwen yon aparèy pou etenn dife pòtab klas K kote nou fè manje a, an ka ta gen yon dife grès nou ka jere nou menm.
- ✓ Mete aparèy pou etenn dife a nan yon distans ki pa plis pase 30 pye ak ekipman komèsyal pou fè manje ak.
- ✓ Fè yon moun ki te resevwa fòmasyon epi ki gen konesans verifye nan aparèy pou etenn dife pòtab yo yon fwa pa mwa pou enspekte yo.
- ✓ Yon konpayi FDNY apwouve fè antretyen epi rechaje aparèy pou etenn dife yo chak ane. (Yon moun ki genyen W-96 Certificate of Fitness kapab fè li.)
- ✓ Pase sou manyèl operasyon sistèm aparèy pou etenn dife a ak tout manm pèsonèl kizin nan omwen yon fwa chak 6 mwa.



KIJAN POU MWEN POTE PLENT POU YON KONPAYI ANTRETYEN KI PA TE NETWAYE BYEN OSWA KI GENPOSIBLITE POU LI NAN MAGOUY?
Ou ka pote plent bay Fire Deparment la nan (718) 999-8103/0365. Epitou ou kapab ekri pubcert@fdny.nyc.gov

SEKIRITE AK DIFE KOTE BIZNIS AP FÈ MANJE



FDNY
Bureau of Fire Prevention
www.nyc.gov/fdny

Haitian Creole

ENTWODIKSYON

Chak biznis dwe pran mezi sekirite ki nesesè pou pwoteje lokal yo. Se souvan gen dife kote moun ap prepare manje. Nenpòt dife ka yon dezas ki fè moun pèdi lajan ak menm mouri. Fire Department gen règ ki kapab ede ou opere yon fason ki SAN DANJE. Kòm yon pwopriyetè biznis, ou gen yon responsabilite pou w swiv tout règ yo.

Tiliv sa a kouvari enfòmasyon enpòtan pou sipèvize Kizin Komèsyal ak aparèy yo. Kèk egzanz aparèy pou fè manje komèsyal se gri, wòk, aparèy pou fri, platin, fou, elatriye.

Aparèy sa yo kreye grès lè w ap itilize yo epi grès sa a akimile nan ot ak kondwit yo. Si nou pa netwaye ot ak kondwit yo byen, yo ka lakòz yon dife. Sa pral fè ou oblige fèmen biznis ou jiskaske ou repare sistèm nan.

KISA OU BEZWEN NETWAYE, EPI KIYÈS KI POU FÈ LI? Se konpayi ak lisans ki gen otorizasyon FDNY ak anplwaye sètifye yo ki ka netwaye sistèm kondwit nan sistèm echapman an ak lòt pati nan sistèm nan ki sou ot la.

Men, se yon moun ki te resevwa fòmasyon epi ki gen konesans ki pou enspekte filt grès yo (li PA oblige gen yon Certificate of Fitness).

KONBYEN FWA MWEN SIPOZE ENSPEKTE LI?

- Ou si poze verifye nan filt la chak jou pou enspekte li.
- Ou si poze enspekte aparèy ki itilize konbistib solid yo chak mwa.
- Enspeksyon sistèm echapman komèsyal la dwe fèt chak 3 mwa (ominimòm).

KONBYEN FWA MWEN SIPOZE NETWAYE LI?

Nou mete egzijans minimòm yo anba la a, men sa gendwa pa ase. Ou ka bezwen netwaye li pi souvan.

- Netwayaj sistèm echapman komèsyal la dwe fèt chak 3 mwa (o minimòm).
- Ou fèt pou netwaye kondwit vètikal (kontremach) ki plis pase 3 etaj sou sistèm echapman an chak 6 mwa (ominimòm).
- Ou fèt pou netwaye filt grès yo yon fwa pa mwa (ominimòm).
- Kòm yon pwopriyetè biznis, ou ka chwazi itilize "grease depth gauge comb" (yon zouti pou mezire pwofondè grès) (gade foto a) pou detèmine konbyen fwa ou bezwen fè netwayaj la nan biznis ou. Avan ou itilize zouti pou mezire pwofondè grès la, ou ka konsilte ak konpayi antretyen ou a.



KIJAN POU MWEN CHWAZI YON KONPAYI NETWAYAJ?

Se sèlman yon konpayi apwouve ki sou sitwèb FDNY la pou ou anboche. Nou modifie lis konpayi ki apwouve yo souvan.

Men lyen an ak QR Code (kòd QR) pou ale sou sitwèb la.

<http://www1.nyc.gov/site/fdny/business/all-certifications/certificates-commercial-cooking-exhaust.page>



ÈSKE YON KONPAYI ANTRETYEN KA NETWAYE MENM SI OTORIZASYON OSWA ASIRANS YO EKSPIRE?

NON! Ou dwe verifye sitwèb Fire Department lan pou lis konpayi antretyen ki apwouve yo.

KI RISK MWEN GENYEN SI SE PA YON KONPAYI FDNY APWOUVE KI FÈ NETWAYAJ LA?

Premyèman, w ap mete biznis ou, kliyan ou yo, moun k ap pote sekou yo, ak publik la an danje. Dife akòz grès rive souvan epi sa ka domaje biznis ou fasil. Y ap

ba ou kontravansyon si gen kondisyon ki danjere. Answit, konpayi asirans ou pral gen pwoblèm ak reklamasyon ou fè a.

KIJAN M AP FÈ KONNEN SI KONPAYI ANTRETYEN AN TE NETWAYE BYEN? Fè konpayi a ba ou foto avan ak apre (gade egzanp anba a) ak lè a pou prèv travay la te fèt. Ensiste pou yo ba ou prèv la. Si ta gen yon reklamasyon, konpayi asirans ou ka bezwen wè foto. Ensiste pou yo ba ou yon kopi lis verifikasyon travay yo te fè pandan netwayaj la.



Anpil Grès



Ti Kras Grès

KI DOKIMAN POU MWEN KENBE KÒM PRÈV NETWAYAJ LA?

KI DOKIMAN POU MWEN KENBE KÒM PRÈV NETWAYAJ LA? Konpayi antretyen an fèt pou mete yon viyèt (gade yon egzanp sou paj ki vini apre a) sou youn oswa plis ot ki idantife:

- ✓ Non konpayi ki fè antretyen an;
- ✓ Adrès ak nimewo telefòn;
- ✓ Nimewo sètifikasi FDNY;
- ✓ Chak moun ki gen Certificate of Fitness ki te fè netwayaj la;
- ✓ Dat netwayaj la te fèt.

DOKIMAN KI MONTRE YO TE NETWAYE FILT LA

Pwopriyetè biznis la responsab pou kenbe nenpòt dokiman ki montre enspeksyon ak netwayaj filt grès ki obligatwa a te fèt. Dokiman yo dwe gen dat la, ak ki travay ki te fèt.